

Chè Pasyan CHA,

Ou gen dwa ap pran yon medikaman ki rele RANITIDINE. Li sèvi pou trete zègrè oswa pwoblèm lestonmak. Yon lòt non ranitidine genyen se "Zantac".

Administrasyon Manje ak Medikaman Ameriken an (U.S. Food and Drug Administration, FDA) jwenn gen kèk ranitidine ki gen yon ti kantite nan yon pwodui chimik ki reled "NDMA". Ou jwenn ti kantite NDMA nan anpil aliman tankou legim, pwodui letye ak vyann griye. Trè gwo kantite NDMA gen dwa ogmante danje pou zannimo fè kansè pi devan.

Kòm prekosyon pa kapon, gen konpayi k ap fè ranitidine ki sispann vann li. Men gen lòt konpayi ki toujou ap fè ranitidine poutèt yo pa jwenn NDMA nan pwodui yo a.

Nou konprann nouvèl sa a ap trakase w. Pwooblèm sa a gen dwa pa konsène ranitidine pa w lan.

Kisa pou w fè?

- FDA pa rekòmande pou w sispann pran ranitidine nan moman an.
- Si w bezwen ranitidine, rele famasi w lan pou konnen si medikaman w lan konsène. Ou kapab jwenn nimewo famasi an sou boutèy medikaman w lan.
  - Si medikam w lan konsène, famasi an gen dwa kapab ba w yon novo pwovizyon ranitidine sòti nan yon konpayi k ap vann li.
- Si famasi an pa kapab ba ou yon novo pwovizyon ranitidine, mande famasi an pou l rele doktè w lan.
  - Gen lòt medikaman ki fè menm bagay ak ranitidine. Doktè w lan kapab chwazi yon lòt medikaman pou w eseye.

18 novanm 2019